

Fanmi First Steps yo Gen Dwa.

Pwogram First Steps Indiana a travay tèt kole avèk fanmi ki gen timoun piti avèk reta devlopmantral oswa andikap. Nou vle fanmi yo santi yo gen konfyans pou yo pale pou defann bezwen pitit yo. Se poutèt sa nou fè patenarya avèk fanmi yo antanke ekip, ki ede pitit yo grandi, aprann ak atenn potansyèl konplè yo.

Èske w te konnen?

Genyen yon lwa federal ki rele Lalwa sou Edikasyon pou Endividi avèk Andikap (Individuals with Disabilities Education Act). Li gide edikasyon spesyal pou timoun avèk andikap oswa reta devlopmantral. Youn pati nan lwa a, ki rele Pati C, bay fanmi ki gen tibebe ak timoun piti dwa enpòtan. Tout fanmi ki itilize pwogram First Steps la pwoteje pa dwa sa yo.

Yo rele sa yo gad sekirite pwosediral, epi yo fèt pou yo pwoteje w. Anba a gen fason enpòtan lwa a ede w avèk pitit ou.

Fanmi yo gen dwa pou bay konsantman alekri.

First Steps se yon pwogram volontè, epi fanmi ki elijib yo kapab chwazi si yo vle patisipe. Anvan yo deside, paran yo gen dwa konplètman konprann pwogram ak sèvis yo ki disponib pou pitit yo. Fòk yo eksplike sèvis sa yo nan lang natif fanmi a, sòf si li pa fezab pou fè sa. Lang natif fanmi se lang yo itilize chak jou a, ki kapab enkli langaj siy, bray oswa kominikasyon oral.

Fòk paran yo bay konsantman alekri anvan:

- Yo evalye pitit yo a
- Sèvis swa kòmanse oswa chanje
- Enfòmasyon sou pitit yo oswa fanmi yo pataje avèk lòt moun

Paran yo gen dwa:

- Refize youn sèvis pandan yo toujou resevwa lòt
- Retire konsantman nan nenpòt moman san sa pa afekte lòt sèvis entèvansyon bonè pitit yo a resevwa

Fanmi yo gen dwa a avi alavans.

Sa a vle di fòk paran yo jwenn avi alekri anvan yon founisè sèvis entèvansyon bonè kòmanse, sispann, chanje, oswa refize kòmanse oswa fè yon chanjman nan sèvis entèvansyon bonè timoun nan. Sa a genyen ladan desizyon sou fè evalyasyon, idantifikasyon yon reta, deside sou sèvis oswa chanje ki kote oswa kijan yo founi sèvis yo.

Yo bay avi sa a omwen 10 jou sou kalandriye anvan kèlkeswa chanjman fèt. Fòk li nan lang natif fanmi a, sòf si sa pa fezab. Epitou, fòk li klèman eksplike

chanjman y ap sijere yo, ki opsyon yo te konsidere, ak pouki yo te pran desizyon. Avi a raple paran yo konsa, yo kapab poze kesyon epi pataje sousi. Fanmi yo kapab chwazi pou yo vanse anvan 10 jou si yo ta prefere.

Fanmi yo gen dwa a evalyasyon.

Chak timoun gen dwa resevwa evalyasyon. Evalyasyon an gratis pou fanmi yo epi li fèt pa yon ekip pwofesyonèl miltidisyen ki spesyalize nan diferan domèn devlopman timoun, tankou devlopman fizik, òtòfoni, ègoterapi, ak global. Ekip la pral egzamine istorik medikal timoun nan, repè devlopmantral li yo, ak konpetans aktyèl li yo pou detèmine si li elijib pou sèvis entèvansyon bonè.

Fanmi ki elijib yo gen dwa a yon Plan Sèvis Fanmi Endividyèl.

Yon Plan Sèvis Fanmi Endividyèl (Individualized Family Service Plan) (IFSP) se yon plan ekri ki kreye pou chak timoun ki kalifye pou sèvis entèvansyon bonè. Fòk yo kreye li nan lespas 45 jou depi rekòmandasyon timoun nan kote First Steps epi yo bay fanmi a li gratis. Paran yo ede kreye plan an ansanm avèk kowòdonatè sèvis First Steps la, founisè entèvansyon bonè yo ak nenpòt lòt moun fanmi a vle patisipe, tankou pwofesè nan gadri oswa yon defansè.

Fanmi yo gen dwa patisipe konplètman nan reyinyon an, pataje objektif pa yo pou pitit yo a, epi kolabore avèk ekip la pou elabore rezilta. IFSP a se yon dokiman ekri ki legalman obligatwa ki eksplike kilè, ki kote, ak kijan yo pran founi sèvis entèvansyon bonè.

Fanmi yo gen dwa a konfidansyalite.

Lwa federal la pwoteje enfòmasyon ki kapab pèsònèlman idantifye fanmi yo. Anvan yo pataje nenpòt enfòmasyon ki idantifye yon timoun oswa fanmi li, fòk paran yo bay pèmisyon alekri, sa a absoliman oke. Desizyon yo p ap afekte sèvis entèvansyon bonè pitit yo a resevwa.

Fanmi yo gen dwa gade, tcheke epi mande chanjman nan dosye.

Paran yo gen dwa gade, tcheke, epi mande chanjman nan dosye sou pitit yo a ak fanmi yo a nan nenpòt moman. Si yo kwè gen yon bagay ki enkòrèk, yo kapab mande yo chanje li. Si li sanble manke yon bagay, yo kapab mande yo ajoute li. Si pwogram nan pa dakò epi refize demann nan pou fè chanjman an, paran yo kapab mande yon odyans pou konteste desizyon an.

Aprann plis!

Pou plis enfòmasyon sou dwa fanmi yo ak kijan pou mande rezolasyon dispit, ale sou sitwèb Dwa Fanmi ak Rezolasyon pou First Steps Indiana a lè w skane kòd QR a oswa ale sou www.in.gov/fssa/ddars/bcds/dispute-resolutions.

Kontakte First Steps dirèkteman nan 800-545-7763 oswa firststepsweb.fssa@fssa.in.gov.

Fanmi yo gen dwa gen sèvis yo nan anviwònman natirèl yo a.

Yon anviwònman natirèl se nenpòt kote yon timoun abitye aprann, jwe, e pase tan avèk lòt timoun ki pa gen andikap. Sa a te ka kay fanmi a, yon pwogram gad timoun, yon pak kominotè oswa lòt anviwònman tipik pou timoun piti.

Fanmi yo gen dwa a opsyon pou rezolasyon dispit fòmèl epi tou yo kapab mande rezolasyon dispit enfòmèl.

Fanmi yo kapab toujou pale avèk founisè entèvansyon bonè yo a, kowòdonatè sèvis yo a oswa direktè Pwen Antre Sistèm nan pou diskite sou nenpòt sousi enfòmèlman. Konvèsasyon sa yo kapab ede tout moun konprann pwoblèm lan, travay ansanm pou jwenn solisyon epi jwenn yon atant.

Si yon paran kwè te gen yon dezakò oswa vyolasyon IDEA Pati C oswa lalwa nan Indiana, yo kapab depoze yon demann pou yon opsyon rezolasyon fòmèl nan delè apwopriye. Lwa federal la bay twa opsyon pou fanmi yo: medyasyon, yon plent eta ekri ak odyans pwosesis legal la.

Pandan yo abode yon dezakò oswa vyolasyon, fanmi yo kapab chwazi pou yo kontinye sèvis entèvansyon bonè pandan yo ekri yo nan IFSP aktyèl la. Sèvis yo pral rete menm jan an sòf si paran an ak ekip la dakò pou fè yon chanjman.

